

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa nurutkeun Chaer (2010, kc. 1) miboga fungsi utama pikeun pakakas komunikasi atawa interaksi antar manusa. Basa ngawengku tataran fonologi, morfologi, sintaksis, semantik jeung wacana. Dumasar hirarkina, wacana mangrupa unit basa nu lengkep, gedé sarta panggemblengna. Sacara tiori, wacana nurutkeun Hawthorn (dina Eriyanto, 2009, kc.2) nyaéta komunikasi kabasaan anu mangrupa transformasi antara panyatur jeung pamiarsa, salaku kagiatan individual anu wangunna ditangtukeun ku udagan sosial panyatur jeung pamiarsa. Lian ti éta, nurutkeun Badudu (dina Eriyanto, 2009, kc.2), wacana nyaéta runtuyan kalimah anu silih pakait sarta bisa matalikeun proposisi nu hiji jeung proposisi séjénna, ngawangun hiji kohési, sangkan jadi ma'na anu saluyu antar kalimah.

Dumasar kana médium anu dipaké, wacana kabagi kana dua wanda. Wacana lisan jeung tinulis. Sanajan aya anu béda, ieu dua wanda wacana miboga asaruuan, saperti miboga kaédah tata basa jeung kandaga kecap. Anu ngabédakeun éta dua wanda wacana nyaéta: wacana lisan patali jeung ucapan, wacana tinulis patali jeung aksara katut éjahan.

Ku lantaran basa anu jadi aspék puseur tina wacana, analisis wacana nawarkeun métode pikeun maluruh naon baé anu aya dina wacana. Aya rupa-rupa aspék nu bisa dianalisis ngaliwatan wacana, boh nu sipatna internal boh éksternal. Analisis wacana internal museurkeun paniténana kana struktur basa saperti sintaksis jeung semantik. Ari analisis wacana éksternal museurkeun paniténana kana hal anu aya di saluareun téks saperti kumaha kaayaan sosial nalika prosés produksi jeung réproduksi ma'na téks sangkan bisa mangaruhan audiéns anu maca.

Ditilik tina ulikan linguistik, analisis wacana mangrupa réaksi tina wangun linguistik formal anu museurkeun kana unit kecap, frasa atawa kalimah bari henteu nilik pakuat-pakait antar unsurna. Ku sabab aya sababaraha hal saperti kontéks, kaayaan sosial-politik jeung idiologi pangarang nu kudu disurahan tina unggal wacana, ulikan wacana kritis jadi rélevan pikeun maluruh wacana.

Dumasar kana tiori analisis wacana kritis, wacana teu dicangkem minangka ulikan basa wungkul. Sanajan ngagunakeun basa pikeun nganalisis téks, tapi basa anu dipaké teu ukur disawang tina ulikan tata basa wungkul. Tapi dipatalikeun kana kontéks. Kontéks anu dimaksud yén basa dipaké pikeun udagan jeung prakték nu tangtu, kaasup di jerona prakték kakawasaan (Eriyanto, 2009, kc.7). Kontéks, kaayaan sosial-politik jeung ideologi pangarang nalika ngaproduksi téks can tangtu bisa kacangkem tur dipikaharti ku nu maca, sabab dibutuhkeun analisis anu kompréhénsip, salah sahijina ngagunakeun ulikan wacana kritis.

Panalungtikan ngeunaan analisis wacana kritis dina surat kabar basa Sunda, kawilang langka. Ku kituna, puseur ieu panalungtikan nyaéta nalungtik wacana anu aya dina Kolom Kalangan Awéwé di surat kabar Soerapati, ngagunakeun tiori analisis wacana kritis Teun A. van Dijk. Soerapati mangrupa hiji surat kabar anu aya dina kontrol organisasi gerakan nasional nalika jaman kolonialisme Walanda, anu mimiti diadegkeun dina taun 1923 di Sukabumi. Salah sahiji surat kabar anu jadi puseur dina kamekaran pamikiran inteléktual pribumi ti Jawa Barat (Wardani, 2016). Ku sabab ruang lingkupna aya di Jawa Barat, basa nu dipaké dina surat kabarna ngagunakeun basa Sunda.

Hal anu matak ngirut dina éta surat kabar nya éta panulis nu aya dina éta surat kabar teu kabéh lalaki, tapi aya kontribusi ti panulis awéwé salaku agén inteléktual Sunda. Lian ti éta, dina taun 1923an, wacana anu sumebar dina éta kolom geus nuliskeun pasualan-pasualan ngeunaan pulitik wanoja jaman harita. Hiji hal anu kawilang jarang pisan kapanggih. Ulikan wacana kritis Teun A. van Dijk jadi rélevan nalika ngaguar hal-hal anu nyamuni dina wacana, saperti ideologi pangarang. Nurutkeun van Dijk (dina Eriyanto, 2009, kc.221), panalungtikan wacana teu cukup disawang dumasar kana analisis téks wungkul, ku sabab téks mangrupa hasil tina prakték produksi anu kudu disurahan. Dina ulikan wacana kritis, kudu dipaluruh ogé kumaha hiji téks diproduksi, sangkan bisa ngahasilkeun hiji pangaweruh naha jeung kamana udagan éta téks. Disebut pamarekan kognisi sosial, sabab kognisi panulis jadi élemén anu penting dina nalungtik wacana anu diproduksi. Wacana henteu ditilik tina strukturna wungkul, tapi ditilik tina kumaha éta wacana diproduksi. Kognisi sosial mibanda dua harti. Kahiji, kognisi sosial némbongkeun kumaha téks diproduksi ku panulis. Kadua,

kognisi sosial ngagambarkeun kumaha ajén-inajén masarakat sumebar jeung asup kana kognisi panulis sangkan digunakeun pikeun ngaproduksi téks.

Nurutkeun van Dijk, najan hiji wacana diwangun ku sababaraha bagian, tapi éta bagian-bagian téh tetep mangrupa hiji beungkeutan nu silih deudeul. Ma'na global tina hiji téks (téma) dirojong ku ayana runtuyan téks, anu antukna mah éta runtuyan téh baris dimekarkeun jadi hiji wacana anu gembleng ngaliwatan pilihan kecap sarta kalimah nu dipaké ku pangarang. Dina nganalisis hiji téks, van Dijk ngabagi jadi tilu tingkatan. Kahiji struktur makro, nu mangrupa ma'na sacara umum tina hiji téks, nu bisa disurahan kalawan ningali topik atawa téma nu diasongkeun dina hiji wacana. Tingkatan nu kadua nyaéta superstruktur, mangrupa struktur wacana nu aya patalina jeung rangka hiji téks, kumaha bagian-bagian téks ngajanggélék jadi hiji wacana sacara gembleng. Tingkatan katilu struktur mikro, nyaéta ma'na tina wacana nu bisa dititénan tina sababaraha bagian nu ngarolong kana téks saperti kecap, kalimah, proposisi, anak kalimah, paraprase, jeung gambar (Eriyanto, 2009, kc. 226). Ku kituna, udagan ieu panalungtikan nya éta analisis struktur mikro, struktur makro jeung superstruktur, sarta maluruh ajén naon waé anu rék ditepikeun ku panulis dina kolom Kalangan Awéwé surat kabar Soerapati.

Panalungtikan saacaanna ngeunaan analisis wacana kritis dilakukeun ku Irpan Maulana, mahasiswa program pasca sarjana Pendidikan Basa dan Budaya Sunda UPI, dina taun 2014. Kalayan judul panalungtikanna nyaéta “Adegan Wacana Rubrik Balé Bandung Dina Majalah Manglé (Analisis Wacana Kritis Modél Teun A. van Dijk)”. Lian ti tesis Irpan Maulana, ogé aya jurnal *Wacana Pencitraan Kinerja Anggota DPR Pada Surat Kabar Pikiran Rakyat (Analisis Wacana Kritis)* ku Apriyanti Rahayau Fauziah, taun 2014. Ieu jurnal ngaguar kumaha struktur makro, struktur mikro, superstruktur jeung idiologi naon anu dipibanda ku éta koran *Pikiran Rakyat*. Satuluyna aya ogé jurnal panalungtikan ngeunaan analisis wacana kritis Teun A. van Dijk anu aya dina program TV anu mibanda judul *Analisis Wacana Kritis Program Mata Najwa “Balada Perda” Di Metrotv* ku Christo Rico Lado, taun 2014.

Sacara gurat badag, tilu panalungtikan di luhur ampir sarua jeung panalungtikan nu ayeuna, maluruh wacana-wacana anu aya di média,

ngagunakeun pamarekan analisis wacana kritis modél Teun A. van Dijk ngeunaan struktur makro, superstruktur, jeung struktur mikro. Bédana, panalungtikan nu ayeuna nganalisis kolom “Kalangan Awéwé” dina surat kabar basa Sunda Soerapati anu medal dina taun 1920 pikeun maluruh struktur makro, superstruktur, struktur mikro, sarta néang kumaha analisis sosial dina wacana éta kolom.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan leuwih gampang maluruh masalah-masalah dina ieu panalungtikan, di handap ieu dirumuskeun kalimah pananya.

- 1) Kumaha struktur makro nu aya dina kolom “*Kalangan Awéwé*” disawang tina téma puseurna?
- 2) Kumaha superstruktur nu aya dina kolom “*Kalangan Awéwé*” disawang tina skématisna?
- 3) Kumaha struktur mikro nu aya dina kolom “*Kalangan Awéwé*” disawang tina semantik, sintaksis, stilistik, jeung rétorisna?
- 4) Kumaha analisis sosial dina wacana kolom “*Kalangan Awéwé*” Soerapati?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan kagiatan ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan hasil panalungtikan ngeunaan analisis wacana kritis dina surat kabar.

1.3.2 Tujuan Husus

Sakumaha rumusan masalah nu aya, ieu panalungtikan miboga sababaraha tujuan, nyaéta pikeun maluruh jeung ngadadarkeun opat hal, nyaéta

- 1) Struktur makro dina kolom “*Kalangan Awéwé*”;
- 2) Superstruktur dina kolom “*Kalangan Awéwé*”;
- 3) Struktur mikro dina kolom “*Kalangan Awéwé*”; jeung
- 4) Analisis sosial wacana dina kolom “*Kalangan Awéwé*”

1.4 Mangpaat

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan analisis wacana dina surat kabar *Soerapati*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Hasil tina panalungtikan dipiharep bisa mangpaat dina sababaraha widang, nyaéta pikeun umum, pikeun mahasiswa, pikeun dosén.

- 1) Pikeun umum, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun sangkan nambahan élmu pangaweruh maham wacana dina surat kabar *Soerapati*.
- 2) Pikeun mahasiswa, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun sangkan nambahan élmu pangaweruhna ngeunaan peran awéwé Sunda nalika jaman kolonial.
- 3) Pikeun dosén (akademisi), hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun sangkan nambah pangaweruh ngeunaan kumaha pangaruh wacana disawang tina struktur makro, superstruktur jeung struktur mikro dina surat kabar.
- 4) Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan sajarah gerakan anti-kolonialisme di masarakat Sunda.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Sangkan ieu panalungtikan skripsi kasusun sacara sistematis sarta ngawangun rangka anu utuh, ieu di handap ditétélakeun kumaha susunan ieu panalungtikan skripsi:

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan anu bakal dipaluruh ku panalungtik. Panalungtik ngajelaskeun urgénsi pikeun medar hiji téma anu keur ditalungtik. Sangkan panalungtikanana museur, satuluyna dijieun rumusan masalah anu dijéntrékeun kana sababaraha

patalékan. Dituluykeun jeung tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung struktur organisasi skripsi.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Dina ieu bab dipedar literatur-literatur jeung sumber anu rélévan kana téma panalungtikan skripsi. Sumber jeung literatur anu digunakeun bisa mangrupa buku-buku, jurnal skripsi jeung artikel ngeunaan analisis wacana kritis.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan méthode panalungtikan jeung téhnik panalungtikan anu digunakeun ku panalungtik pikeun maluruh sumber ngeunaan “*Kolom Kalangan Awéwé dina Surat Kabar Soerapati (Ulikan Analisis Wacana Kritis Modél Teun A. van Dijk)*”. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Pikeun pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan, ngagunakeun pamarekan kualitatif sabab objek panalungtikanna mangrupa bagian tina basa sarta hasil panalungtikanna mangrupa wangun tinulis.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan rumusan masalah anu geus ditangtukeun bab saméméhna, nyaéta medar ngeunaan struktur makro anu aya dina kolom “Kalangan Awéwé”, superstruktur anu aya dina kolom “Kalangan Awéwé”, struktur mikro anu aya dina kolom “Kalangan Awéwé”, jeung analisa sosial wacana dina kolom “Kalangan Awéwé”.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi. Ieu bab mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran anu dilakukan dina bab saméméhna. Salian ti éta, aya implikasi sarta rékomendasi hasil interprétasi panalungtik pikeun individu/lembaga anu aya patalina jeung eusi tina ieu panalungtikan.